



Pou Piblikasyon Imedya: 09/03/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DEMANN FÒMÈL POU YO RETIRE NEW YORK NAN PWOGRAM FORAJ OLAJ ZÒN KÒT YO

Li Anonse 1.4 Milya Dola nan Prim pou 26 Pwojè Enèji Renouvlab Agrand Echèl, ki se Pi Gran Angajman Endividyèl anvè Enèji Renouvlab yon Eta Pran nan Istwa Etazini

Pwojè yo pral Kreye 3,000 Bon Jan Kalite Djòb epi y ap Ankouraje plis Pase 3 Milya Dola nan Envestisman Dirèk

Eta New York la ap Vanse Malgre Atak Gouvènman Federal la ap fè sou Djòb Enèji Pwòp ak Mezi an Favè Klima a yo

Mezi yo ap fè Vanse [Plan Direktè Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kòt \(Offshore Wind Master Plan\)](#) Lidè Nasyonal Gouvènè a - ki Pran Angajman pou li Pwoteje Dlo New York yo, Redwi Gaz a Efè Sèr yo epi Lite kont Chanjman Klimatik yo

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo, te mete ansanm ak Vis Prezidan Al Gore, pou anonse New York ap fè demann fòmèl pou yo retire l nan nouvo Pwogram Nasyonal Lwaye Eksplwatasyon Petwòl ak Gaz Aleksteryè Plato Kontinantal senkan an (National Outer Continental Shelf Oil and Gas Leasing Program). Nan New York University, Gouvènè a te anonse tou pi gran angajman endividyèl anvè enèji renouvlab yon eta pran nan istwa Etazini, ki se 1.4 milya dola ki pral fè vanse 26 pwojè enèji renouvlab agrand echèl toupatou atravè New York. Yo prevwa prim konpetitif sa yo, ki akse sou manda Estanda Enèji Pwòp (Clean Energy Standard) Gouvènè a, pral jenere ase enèji pwòp, renouvlab pou alimante plis pase 430,000 kay epi kreye plis pase 3,000 djòb akoutèm ak alontèm ki byen peye. Fas a yon atak federal konsète ki soti nan Washington, New York ap pran mezi agresiv pou nou pwoteje anviwonman nou an pou jenerasyon k ap vini yo.

“Olye yo pwoteje dlo nou yo kont yon lòt devèsman petwòl, tankou sa ki te devaste Gòlf la, nouvo plan federal la ap plis ogmante chans pou yon lòt katastwòf konsa rive ankò”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Sa se yon mepri total yo fè lasyans, reyalite, ak istwa, epi mezi sa yo defye tout bagay nou konnen. Nou kwè avni an chita sou yon ekonomi

enèji pwòp epi New York ap trase chemen an nan yon mouvman alenvès de sa administrasyon sa ap fè anviwonman nou an epi n ap klere chemen an vè lavan.”

“Gouvènè Cuomo ap demontre lidèchip ekstraòdinè nan kad efò pou ede rezoud kriz klima a epi konstwi yon avni dirab”, **Vis Prezidan Al Gore te di.** “Vizyon l ak lidèchip li an kontradiksyon total parapò a misyon malen Administrasyon Trump lan, ki se pou yo fè nou menm pi depanndan ankò de konbistib fosil sal, destriktè yo. Kounye a plis pase jamè, se responsablite nou pou nou leve kanpe epi aji sou koz ijans sa nan epòk nou an. Gouvènè Cuomo ap montre kijan sa ka fèt.”

An Janvyè 2018, gouvènman federal la te revele pwogram Eksplwatasyon Petwòl ak Gaz Aleksteryè Plato Kontinantal la, ki pwopoze pou yo mete plis pase 90 pousan nan sipèfisi total olaj zòn kòt Etazini an disponib pou foraj petwòl ak gaz. Plan sa a pral ouvri de zòn Onò Kòt Atlantik la yo ki adjasan a Eta New York la pou eksplwatasyon konbistib fosil yo. Yo te dakò retire Florid nan pwogram foraj olaj zòn kòt lan pa twò lontan apre lansman li paske eta a vrèman depann de sektè touris la anpil antanke youn nan meyè ekonomi oseyanik nan nasyon an yo.

Antanke twazyèm pi gran ekonomi oseyanik nan nasyon an, New York riske pèdi prèske 320,000 djòb ak anpil milya dola sektè touris la ak endistri lapèch yo jenere si yo pa ta dakò retire nou. An gwo, ekonomi oseyanik New York la jenere 11 milya dola nan salè epi yo kontribiye 23 milya dola nan pwodwi enteryè bri.

Long Island ak New York Harbor se kote 11.4 milyon moun rete, e 60 pousan popilasyon eta nou an viv olon yon kot maremotris ki mezire prèske 3219 kilomèt. Pò New York New Jersey a (NYNJ) se pi gran pò sou bò lanmè Atlantik la epi si yon gran devèsman ta entèwonpi operasyon yo sa pral devaste ekonomi nasyonal la. Pò a sipòte 400,000 djòb endirèk ak 229,000 djòb dirèk pandan l ap jenere 90 milya dola lè yo melanje revni pèsònèl ak revni biznis yo ak 8.5 milya dola nan enpo federal, eta, ak lokal yo. Eta New York la fòtman opoze Pwogram Nasyonal Lwaye Eksplwatasyon Petwòl ak Gaz Aleksteryè Plato Kontinantal Depatman Enteryè a (Department of the Interior) paske li poze yon menas inakseptab a resous oseyanik New York yo, a ekonomi nou an epi a avni timoun nou yo.

Anplis de sa, foraj olaj zòn kòt yo ap mete an danje efò pwogresif New York ap fè pou vanse anvè solisyon enèji ki pi pwòp, pi entèlijan, ki gen ladan investisman 1.4 milya dola lidè nasyonal la ki dedye a pwojè enèji renouvlab yo. Pwojè yo akòde prim lan yo gen ladan 22 fèm solè, k ap demontre ke enèji solè agrand echèl vyab sou plan ekonomik atravè Eta New York la pou lapremyè fwa. Yo prevwa pwojè yo pral jenere ase enèji renouvlab, pwòp pou alimante plis pase 430,000 kay epi redwi degajman kabòn pa plis pase 1.6 milyon tòn metrik, sa ki ekivo a si yo ta retire 340,000 machin sou wout yo.

Pwojè sa yo ap fè vanse inisyativ Karyè Klima Pwòp la (Clean Climate Careers) Gouvènè Cuomo te anonse an Jen 2017 la. Inisyativ Karyè Klima Pwòp la konsantre sou akselerasyon enèji renouvlab ak efikasite enèji pou fè New York vin gen 40,000 nouvo djòb enèji pwòp byen peye avan 2020. Avèk investisman istorik jodi a, Eta New

York la pral sipòte plis pase 3,000 bon jan kalite djòb akoutèm ak alontèm nan sektè konstriksyon, operasyon ak antretyen yo antisipe k ap peye salè an vigè pou rejyon an.

Pandan pwosesis seleksyon konpetitiv sa a, yo te akòde pwèn siplemantè a pwojè enèji renouvlab ki te demontre yon angajman anvè kreyasyon djòb onivo lokal ak itilizasyon eleman ak kontni ki fabrike onivo lokal yo tou. Pwosesis revizyon egzijan, de etap la gen ladan tou kritè san pri pou evalye aplikasyon yo. Kritè yo gen ladan notasyon pou eksperyans devlopè yo genyen nan konstriksyon ak finansman pwojè enèji renouvlab yo, eksperyans devlopè yo nan pwojè yo te devlope avan nan New York, ak estati devlopman pwojè ki gen rapò ak entèkoneksyon rezo elektrik, pwosesis pèmi ak kontwòl sit yo. Evalyatè nan yon komite pwofesyonèl teknik endepandan te revize pwopozisyon yo epi yo te bay pwopozisyon yo nòt. Repons 30 devlopè ki pwopoze 88 pwojè yo te ofri NYSERDA opòtinite pou yo chwazi meyè pwopozisyon yo ak sa ki pi rantab yo.

Anplis de 22 fèm solè alechèl endistriyèl yo, lòt pwojè yo gen ladan twa pwojè fèm ewolyèn ak yon pwojè idwoelektrik. Youn nan fèm ewolyèn yo gen yon eleman estokaj enèji, k ap premye fwa yon pwojè enèji renouvlab agrand echèl te fè sa nan Eta New York. Plizyè pwojè pral kòmanse apati Avril 2018 la epi yo prevwa tout pwojè yo ap operasyonèl avan 2022, sa k ap ajoute kapasite plis pase 1,380 megawat epi jenere plis pase 3,200,000 megawat alè (MWh) chak ane.

Pwojè sa yo reprezante yon etap konsiderab nan efò pou fè vanse Estanda Enèji Pwòp Gouvènè a pou 50 pousan nan kouran New York itilize soti nan sous enèji renouvlab avan 2030. Yo te chwazi benefisyè prim yo pami yon gwoup ki gen 88 aplikasyon pami 30 devlopè enèji pwòp. Yo prevwa investisman 1.4 milya dola eta ap fè a ap ankouraje plis pase 3 milya dola nan investisman dirèk pandan tout dire pwojè yo, epi Otorite Devlopman ak Rechèch sou Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) ap sipòte pwojè sa yo. Pri mwayen pondere prim lan pou demann sa ap 21.71 dola pou pwodiksyon yon megawat alè pandan dire tèm kontra 20 an yo akòde yo, ki ap 11 pousan mwens pase pri yo te akòde atravè prim de dènye ane avan yo.

Richard Kauffman, ki se Prezidan Enèji ak Finans lan, te deklare, “Kantite repons ak kalite pwojè yo pwouve REV ap travay pou anime mache enèji pwòp la. Tout Nouyòkè merite mwasone avantaj anviwonmantal ak ekonomik yon sistèm enèji eleman renouvlab yo alimante. Pwojè sa yo ap ede nou rive la.”

Rossana Rosado, ki se Sekretè Eta nan New York, te deklare, “New York ap trase chemen an lè nou pwodwi tout premyè fèm ewolyèn alechèl endistriyèl olaj zòn kòt nan nasyon an epi nou vle kontinye patenarya nou an ak ajans federal yo pou nou vanse sa vè lavan. Lidèchip inovatè Gouvènè Cuomo a trase yon pakou pou yon avni dirab ak responsab, san okenn vrè menas foraj eksplwatasyon petwòl ak gaz olaj zòn kòt yo poze pou kominote kostal nou yo.”

Alicia Barton, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare, “Sa se yon moman istorik pou New York pandan n ap pran pi gran angajman acha anvè enèji

renouvlab yon eta pran nan istwa peyi nou an. Atent 50 pousan kouran New York itilize pou soti nan sous enèji renouvlab avan 2030 lan se pilye ajanda lidè nasyonal Gouvènè Cuomo genyen pou l lite kont chanjman klimatik yo, epi mwen atann pou m gade pwojè sa yo k ap kreye djòb, agrandi ekonomi enèji pwòp nou an, epi ofri Nouyòkè yo kouran pwòp, fyab pandan anpil deseni k ap vini ankò.”

Komisè DEC Basil Seggos te di, “Byenke politik enèji gouvènman Federal la yo ap vanse egzakteman nan movèz direksyon, avèk efè ki potansyèlman devastatè, erezman Gouvènè Cuomo ap gide nasyon an vè lavan nan kad tranzisyon a yon ekonomi enèji pwòp. Eksplwatasyon petwòl ak gaz, foraj, ak devèsman potansyèl yo enkonpatib ak ekonomi kostal miltimilya dola New York la. Olye nou mete sante anviwonmantal ak ekonomik zòn kòt nou yo an danje, New York ap agrandi enèji renouvlab avèk pridans nan fason responsab pou sipòte efò global eta ap fè pou redwi degajman gaz a efè sèr yo epi takle efè chanjman klimatik yo.”

Gary LaBarbera, ki se Prezidan Konsèy Metye Konstriksyon ak Bilding Rejyon Metwopolitèn New York la (Greater New York Building and Construction Trades Council), te deklare, “Nan non Konsèy Metye Konstriksyon ak Bilding Rejyon Metwopolitèn New York la, mwen felisite Gouvènè Cuomo pou lidèchip li nan kad efò pou abòde pwoblèm chanjman klimatik yo pandan l ap sipòte fanm ak gason travayè nan New York yo tou. Anons jodi a demontre ke New York ka takle defi chanjman klimatik yo dirèkteman pandan l ap kreye bon jan djòb karyè klas mwayèn ki byen peye nan sektè konstriksyon an”.

Anne Reynolds, ki se Direktè Jeneral Alyans pou Enèji Pwòp New York la (Alliance for Clean Energy New York), te deklare, “Nou kontan anpil paske nou wè politik enèji pwòp lidè nasyonal Gouvènè Cuomo a ap ankouraje pwojè ewolyen ak solè yo ak kreyasyon vrè djòb. Premye kontra sa yo akòde nan kad nouvo Estanda Enèji Pwòp (Clean Energy Standard) 50% an montre New York serye nan fè pwogrè anvè atent sib 50% avan 2030 lan”.

Men repatisyon 26 pwojè enèji renouvlab agrand echèl yo dapre rejyon yo:

Rejyon Kapital

- **Columbia Solar 1, Konte Columbia:** Hecate Energy pral konstwi yon enstalasyon solè 60 MW nan vil Copake la.
- **Darby Solar, Konte Washington:** Granada Solar pral konstwi yon enstalasyon solè 19.99 MW nan vil Easton lan.
- **Flint Mine Solar, Konte Greene:** Hudson Energy Enterprises pral konstwi yon enstalasyon solè 100 MW nan vil Coxsackie a.
- **Greene County Energy Properties, Konte Greene:** Greene County Energy Properties pral konstwi yon enstalasyon solè 19.9 MW nan vil Coxsackie a.
- **Pattersonville, Konte Schenectady:** Teichos Energy pral konstwi yon enstalasyon solè 19.99 MW nan vil Pattersonville la.

New York Santral

- **Janis Solar, Konte Cortland:** Granada Solar pral konstwi yon enstalasyon solè 19.99 MW nan vil Willet la.
- **Sky High Solar, Konte Onondaga:** Cypress Creek Renewables pral konstwi yon enstalasyon solè 19.99 MW nan vil Tully a.

Finger Lakes

- **Java Solar Energy Center, Konte Wyoming:** Invenergy pral konstwi yon enstalasyon solè 1.53 MW nan vil Java a.

Mid-Hudson

- **Blue Stone Solar, Konte Ulster:** Geronimo Energy pral konstwi yon enstalasyon solè 19.99 MW nan vil Saugerties la.
- **Daybreak Solar, Konte Ulster:** Geronimo Energy pral konstwi yon enstalasyon solè 25 MW nan vil Shawangunk lan.
- **Little Pond Solar, Konte Orange:** Cypress Creek Renewables pral konstwi yon enstalasyon solè 19.99 MW nan vil Deerpark la.
- **Magruder Solar, Konte Ulster:** Granada Solar pral konstwi yon enstalasyon solè 19.99 MW nan vil Gardiner a.

Mohawk Valley

- **Double Lock Solar, Konte Montgomery:** Cypress Creek Renewables pral konstwi yon enstalasyon solè 19.99 MW nan vil Minden lan.
- **East Point Energy Center, Konte Schoharie:** NextEra Energy pral konstwi yon enstalasyon solè 50 MW nan vil Sharon lan.
- **Grissom Solar, Konte Fulton:** Granada Solar pral konstwi yon enstalasyon solè 19.99 MW nan vil Mayfield la.
- **High River Energy Center, Konte Montgomery:** NextEra Energy pral konstwi yon enstalasyon solè 90 MW nan vil Amsterdam lan.
- **Rock District Solar, Konte Schoharie:** Cypress Creek Renewables pral konstwi yon enstalasyon solè 19.99 MW nan vil Carlisle a.
- **Sunny Knoll Solar, Konte Schoharie:** Cypress Creek Renewables pral konstwi yon enstalasyon solè 19.99 MW nan vil Schoharie a.
- **Tayandenega Solar, Konte Montgomery:** Cypress Creek Renewables pral konstwi yon enstalasyon solè 19.99 MW nan vil St. Johnsville la.

North Country

- **Lyons Falls Mill Redevelopment, Konte Lewis:** Northbrook Lyons Falls pral redevlope yon enstalasyon idwoelektrik ki la deja k ap lakoz gen yon ogmantasyon 3.23 MW nan nouvo kapasite enèji renouvlab.

Southern Tier

- **Baron Winds, Konte Steuben:** EverPower Wind Holdings Inc. pral konstwi yon fèm ewolyèn 272 MW nan vil Cohocton, Dansville, Fremont, ak Wayland.
- **Bluestone Wind, Konte Broome:** Calpine Corporation pral konstwi yon fèm ewolyèn 121.8 MW, avèk yon estokaj enèji 6.2 MW, nan vil Windsor ak Sanford.
- **Branscomb Solar, Konte Tioga:** Granada Solar pral konstwi yon enstalasyon solè 19.99 MW nan vil Candor la.
- **Puckett Solar, Konte Chenango:** Granada Solar pral konstwi yon enstalasyon solè 19.99 MW nan vil Greene lan.
- **Regan Solar, Konte Chenango:** Granada Solar pral konstwi yon enstalasyon solè 19.99 MW nan vil Guilford la.

Rejyon Lwès New York

- **Alle-Catt Wind, Allegany ak Konte Cattaraugus:** Invenergy pral konstwi yon fèm ewolyèn 339.78 MW nan vil Arcade, Farmersville, Freedom, Rushford, ak Centerville.

Pou ajoute sou elan prim pwojè sa yo, NYSERDA pral pibliye pwochèn demann pou enèji renouvlab agrand echèl nan kad Estandan Enèji Pwòp la 25 Avril 2018. Mentyen yon rit previzib demann anyèl pou enèji renouvlab la pral sipòte enterè k ap kontinye genyen nan kad devlopman ak envestisman k ap fèt nan Eta New York la, epi tabli New York kòm yon mache lidè pou devlopman enèji renouvlab nan Etazini.

25 Avril 2018 demann, NYSERDA a pral ajoute sou demann reyisi 2017 la lè yo enkli plizyè nouvèl dispozisyon pou asire pwojè yo chwazi yo kontinye bay Eta New York la valè randman maksimòm:

- Pou plis simante angajman Eta New York la pran anvè kreyasyon bon jan kalite djòb enèji pwòp anndan eta a, NYSERDA pral egzije yo peye salè an vigè a, ki se yon seri estanda Depatman Travay la (Department of Labor) tabli, pou djòb enèji renouvlab agrand echèl yo kòm yon kondisyon nan kontra demann alavni yo. Eta a pral plis eksplòre estanda travay yo, akò travay pwojè yo ak lòt mezi yo tou pou asire pwojè yo ap kontinye pwodwi bon jan kalite djòb byen peye pou Nouyòkè yo alavni;
- Pou ede satisfè angajman lidè nasyonal Gouvènè Cuomo pran pou deplwaye 1500 MW estokaj enèji avan 2025 lan, NYSERDA pral chache ankouraje pou pwopozisyon ki mete enèji renouvlab ansanm ak teknoloji estokaj enèji avanse nan fason rantab yo; epi
- Pou prezève ak pwoteje resous agrikòl presye yo, demann pou pwopozisyon yo pral chache enfòmasyon adisyonèl pou asire pwojè enèji renouvlab yo chwazi bay prim yo pa enpoze efè inakseptab sou tèren agrikòl Eta New York la yo.

NYSERDA antisipe akòde prim yo an Septanm 2018 epi y ap pibliye yon lòt demann ankò, si nesèsè, an Novanm 2018.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri vizite [sitwèb NYSERDA a](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)